



Pou Piblikasyon Imedya: 14/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**NAN JOUNEN SANSIBILIZASYON SOU REKEN AN, GOUVÈNÈ HOCHUL
DISTRIBIYE NOUVO DWÒN POU DIMINYE RANKONT AK REKEN KI DANJERE YO
SOU PLAJ LONG ISLAND YO**

Aprè ogmantasyon obsèvasyon reken nan oseyan atlantik la ak Long Island Sound, Eta New York ofri resous pou Gouvènman Lokal yo pou yon pi bon siveyans, Kominikasyon ak Biwo Pak Eta a, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la, Polis Eta New York ak Polis Pak la

Konsèy sou sekirite reken eta a pibliye yo: [Rete 'entelijan konsènan reken'](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo ap distribye nouvo dwòn pou siveye reken nan zòn kotyè yo nan Long Island, Vil New York ak Konte Westchester. Yo pral distribye dwòn sa yo pou yon repons "siveyans ayewospasyal" ki baze sou [aksyon Eta a te pran anvan pou adrese ak amelyore sekirite moun ki ale nan plaj](#) nan plaj yo nan Eta a. Yon total jiska 60 pral disponib nan Long Island, Vil New York ak plaj Konte Westchester yo. Gouvènè Hochul te fè anons sa a nan Jounen Sansibilizasyon sou Reken (Shark Awareness Day) an, ke yo selebre entènasyonalman 14 jiyè.

"Pandan moun ki ale nan plaj yo ap jwi ete yo nan New York, y ap pase tan nan kèk nan pi bèl plaj nan peyi a, nou ap ajoute siveyans ayewospasyal la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Psonèl Eta a yo pral kontinye fè tout sa nou kapab pou kenbe moun ki ale nan plaj yo an sekirite. Nou gen zouti ak estrateji pou kontwòle bèt sovaj maren yo epi pwoteje sante ak sekirite Nouyòkè yo. Nouvo dwòn sa yo pral pèmèt nou eskane dlo a epi ede gouvènman lokal yo atravè Long Island ak Vil New York kenbe plaj lokal yo an sekirite pou tout moun."

Nan kòmansman ane sa a, Gouvènè Hochul te mete nouvo pwotokòl sekirite kont reken an plas avan sezon ete a. Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation, OPRHP) Eta New York (Pak Eta) yo ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la te ogmante siveyans nan dlo depi lè obsèvasyon reken yo pandan ak depi jou Fèt Kat Jiyè a.

Pak Eta yo ap bay nouvo dwòn nan minisipalite ki nan sid eta yo, epi tou yo kouvri depans fòmasyon ak operasyon yo. Pandan ke pifò minisipalite yo pa gen kapasite

siveyans dwòn, investisman sa a pral ede lokalite yo ak ajans yo sou tout kòt Long Island lan ak nan Vil New York pou amelyore efò siveyans yo, k ap chèche bèt sovaj maren danjere tankou reken, gwoup pwason reken manje, plis fòk oswa zwazo plonjè yo

Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York lan, Erik Kulleseid, te deklare, "Kounye a, nou pi vijilan pase avan. Ansanm ak eskwadwon dwòn nou an nan Pak Eta yo, n ap ede kominote yo veye sou dlo pa yo. Nou gen tou sovtaj sou WaveRunners ki ka fè rechèch nan kòt yo epi mennen ankèt lè yo wè yon bagay anlè."

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwòmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la Basil Seggos te deklare, "DEC bat bravo pou envèstisman Gouvènè a pou ede kominote bò rivaj yo kontwole reken yo pou pwoteje sekirite piblik epi nou paka tann pou nou kontinye travay ak patnè nou yo sou kòt la. Najè yo ka fè pati pa yo lè yo suiv konsèy sou sekirite reken yo pou minimize risk pou rankontre reken yo epi fè yon jounen sou plaj New York yo vin pi agreyab menm."

Pou minimize risk pou yo rankontre reken, DEC ankouraje najè yo pou yo evite naje nan douvanjou, lè solèy ap kouche ak lannwit, rete toupre rivaj la, epi naje an gwoup. Prentan sa a, Pak Eta yo te fè yon reyinyon anvan sezon avèk minisipalite bò plaj yo ak ajans lokal yo pou bay dènye enfòmasyon sou aktivite reken yo nan Eta New York epi diskite sou notifikasyon kowòdone bò plaj yo. Anplis de sa, DEC te pibliye [Gid pou Redwi Risk Entèraksyon Negatif avèk Reken yo](#).

Lè gen obsèvasyon ak/oswa entèraksyon ak reken nan plaj Pak Eta yo, yo sispann naje, epi yo retire tout moun k ap benyen nan dlo a. Y ap otorize rekòmanse naje yo omwen inèdtan apre dènye obsèvasyon an Sovtè Pak Eta yo, Lapolis Pak ak pèsònèl pak la rete an alèt maksimal epi y ap fè patwouy dlo yo pou bèt maren danjere.

Anplis de sa, Gwoup Sansibilizasyon Kotyè Long Island nan, ki gen plis pase 200 moun ki soti nan minisipalite, ajans, ak operatè plaj prive yo ki etann soti nan Queens rive nan Long Island, yo resevwa notifikasyon pou yo ka pran aksyon apwopriye nan jiridiksyon respektif yo.

Nan fen mwa me, Gouvènè Hochul te anonse [mezi pou siveyans reken amelyore](#) pou plaj Plak Eta Long Island yo, ki gen ladann kapasite siveyans elaji Pak Eta yo:

- Eta New York te ajoute 10 dwòn sou uit ki te an fonksyon ane pase a. Yon nouvo dwòn ki asiyen bay Lapolis Pak la se yon gwo modèl antrepriz ki gen imaj tèmik, deteksyon lazè, ak kamera bon jan kalite pou pèmèt siveyans lannwit ak patwouy nan kondisyon move tan. Dwòn sa a kapab lage aparèy flotezon pèsònèl tou nan ka ijans
- Kounye a, 24 anplwaye ki gen ladan ofisye Lapolis Pak yo, ekip operasyonèl Pak Eta, sovte ak operatè dwòn sètifye yo resevwa fòmasyon;
- Edikatè Anviwòmantal Pak Eta yo ap fè sansibilizasyon piblik konsènan abita reken pou moun ki nan Jones Beach, Robert Moses ak Sunken Meadow

- Yo te asiyen de nouvo Yamaha WaveRunner bay sovtè yo pou patwouye Jones Beach ak Pak Eta Robert Moses. Bato pèsònèl sa yo rejwenn youn ki deja an fonksyon nan Pak Eta Sunken Meadow
- Gen zòn tanpon siplemantè yo te kreye ant zòn pou naje yo ak zòn lapèch sif yo.
- Lòske gen obsèvasyon, Avyasyon Lapolis Eta New York la pral disponib pou entèvni

Pou minimize risk entèraksyon reken yo, Depatman Konsèvasyon Anviwònman bay [direktiv sekirite sa yo sou reken](#):

- Evite zòn ki gen fòk yo
- Evite zòn ki gen gwoup pwason, ekabousi pwason oswa plonje zwazo maritim yo
- Evite naje nan douvanjou, lè solèy kouche, lannwit
- Evite dlo twoub
- Naje, navige nan kannòt ak sife an gwoup
- Rete toupre rivaj la, kote pye w ka touche fon an
- Toujou swiv enstriksyon sovtè yo ak anplwaye pak la

Chèf Egzekitif Konte Nassau a, Bruce Blakeman, te deklare "Konte Nassau gen kèk nan pi bèl plaj nan mond lan ke plizyè milyon moun vizite regilyèman chak ete. Ant sovtaj nou yo, biwo maren an, veyikil elikoptè kat pa kat ak dwòn yo, plaj yo byen pwoteje kont nenpòt danje ki gen ladan reken. Si kliyan plaj nou yo swiv prekosyon sekirite bon sans tankou sèlman naje nan zòn ki pwoteje yo, yo gen mwens chans pou yo rankonte ak reken. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li fè patenarya avèk nou nan bay resous tankou dwòn ki ede kenbe rezidan nou yo ak vizitè yo an sekirite."

Sipèvizè Vil Oyster Bay la, Joseph Saladino, te deklare, "Avèk obsèvasyon reken yo k ap ogmante, dwòn sa yo pral ede nou pi byen kontwole dlo yo epi kenbe moun ki ale nan plaj yo an sekirite. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li bay siveyans ayewospasyal sa yo bay gouvènman lokal yo atravè rejyon an."

Sipèvizè Vil Southampton, Jay Schneiderman, te deklare, "Southampton gen kèk nan pi bèl plaj nan peyi a. Dlo plaj sa yo fè pati tou ekosistèm natirèl etonan ke Vil la ap travay di pou pran swen ak pou pwoteje. Reken yo fè pati ekosistèm natirèl sa a epi yo reprezante yon risk natirèl pou moun ki ale nan plaj yo. Deplwaman plis teknoloji dwòn pa Eta a pral espere ede rezidan nou yo ak vizitè nou yo pou jwi bèl plaj yo san danje pandan y ap kenbe yon entèraksyon ki an sekirite ak pwoteksyon ant moun ki prale nan plaj yo ak lavi maren enpòtan ki natirèlman egziste nan dlo yo."

Sipèvizè Vil Islip la, Angie Carpenter, te deklare, "Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li bay minisipalite lokal yo resous valab sa yo. Isit la nan Long Island, nou gen chans pou nou gen kèk nan pi bèl plaj nan mond lan, ke plizyè milyon moun k ap vizite ap chèche fè souvni ete ki ranpli ak lajwa ak fanmi pa yo. Dròn sa yo pral pèmèt

sovtaj yo ak anplwaye Vil la kontwole dlo oseyan nou yo epi kenbe moun ki prale na plaj yo an sekirite, pandan y ap asire yo ale ak souvni ki bay kè kontan."

Sipèvizè Adjwen Vil Hempstead la, Dorothy Goosby, te deklare, "Nan non Vil Hempstead, mwen bat bravo pou Gouvènè nou an. Solisyon konplè Gouvènè Hochul pou bay dwòn, ansanm ak mezi siveyans amelyore pral ede asire fanmi ak kominote nou yo rete an antye; nan kenbe nou an sekirite!"

Komisè Polis Long Beach la, ak Manadjè Enterimè Vil la, Ronald J. Walsh, te deklare, "Pa gen anyen ki pi enpòtan pase sekirite rezidan ak vizitè nou yo. Nou remèsye Gouvènè a paske li ba nou zouti adisyonèl sa a pou kenbe popilasyon nou an ki prale sou plaj la an sekirite. Nou pa ka tann pou nou byen sèvi ak dwòn sa yo."

Moun pran risk chak fwa yo antre nan nenpòt anviwònman sovaj, kit sou tè a oswa nan dlo. Malgre li enposib pou elimine tout risk yo, itilizatè oseyan yo ka modifye konpòtman yo pou minimize entèraksyon potansyèl ak reken epi redwi risk jeneral. Lè w nan oseyan an, [swiv direktiv sekirite reken DEC yo](#) pou minimize potansyèl entèraksyon negatif ak reken yo.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)